



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE ENVESTISMAN LWÈS NEW YORK NAN KAD
BIDJÈ EGZEKITIF POU ANE FISKAL 2024 LA**

***Bidjè a gen ladan plis pase 211 milyon dola pou pwojè kapital Depatman Transpò
a; 113 milyon dola pou reparasyon wout lokal ak twou yo***

***Sa gen ladan investisman 100 milyon dola pou ede University at Buffalo ogmante
anpil aktivite rechèch li jiska 2030***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay sou pwopozisyon kle yo nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 li a pou ogmante djòb ak ranfòse ekonomi an nan Lwès New York. An akò ak Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a, bidjè a gen ladan yon gwo investisman pou ogmante rezèv lojman ak elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon nan rejyon an.

"Kòm natif natal Buffalo, mwen fyè pou m di gen jou meyè k ap tann Lwès New York pi devan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a investisman enpòtan sa yo nan lojman, edikasyon ak enfrastrikti, mwen angaje pou m garanti yon bidjè ki bon pou rejyon an. Ansanm, nou pral fè Lwès New York vin pi pwospè, pi abòdab, pi vivab ak pi an sekirite pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo".

Plizyè nan pwopozisyon bidjetè Gouvènè Hochul te anonse jodi a an akò ak [Plan Inovasyon Ekonomik](#) lan te anonse nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a pou ogmante djòb ak biznis yo nan elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon atravè Eta New York atravè investisman sible, sipò biznis ak lòt pwogram ki vize endistri ki gen gwo kwasans yo. Bidjè Gouvènè a gen ladan tou plizyè inisyativ pou investi nan edikasyon siperyè ak amelyore atraksyon lokal yo atravè eta a. Pou Lwès New York, plan an gen ladan:

- 2.9 milya dola nan Èd pou Lekòl (School Aid) pou Lwès New York
- Ogmantasyon 248.2 milyon dola Èd Fondasyon (Foundation Aid) pou Lwès New York
- 211 milyon dola pou pwojè kapital DOT yo pou repara ak ranplase pon yo nan rejyon an
- 113 milyon dola pou reparasyon chose lokal ak twou yo

- 100 milyon dola pou bilding rechèch, laboratwa ak enstriman dènye kri ki nouvo ak renove nan University at Buffalo
- Plis pase 75 milyon dola pou pak ak resous rejyonal yo, sa gen ladan:
 - 47 milyon dola pou Sant Vizit Niagara Falls
 - 24 milyon dola pou nouvo Sant Distribisyon Feedmore
 - 3.5 milyon dola pou Ekstansyon Crows Nest Niagara Falls
 - 1 milyon dola pou Artpark
- 41 milyon dola pou finansman pou sèvis adiksyon Lwès New York
- 20 milyon dola pou enfrastrikti dlo Konte Erie
- Plis pase 10.4 milyon dola nan envestisman kapital nan kolèj kominotè Lwès New York yo, sa gen ladan:
 - 8 milyon dola pou Kolèj Kominotè Erie (Erie Community College)
 - 2.2 milyon dola pou Kolèj Kominotè Niagara (Niagara Community College)
 - 228,000 dola pou Kolèj Kominotè Jamestown (Jamestown Community College)
- 10 milyon dola pou Rekiperasyon ak Planifikasyon Vil Buffalo, Travay Piblik/Enstalasyon pou Entèvasyon nan Ka Tanpèt
- 5 milyon dola pou Bilding Sante Kominotè Buffalo
- Plis pase 2 milyon dola pou finansman lojman Prezèvasyon Katye ak Riral (Neighborhood and Rural Preservation)

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Avèk envestisman estratejik yo k ap sipòte biznis, edikasyon, lojman ak resous rejyonal yo tankou Niagara Falls ak UB (University at Buffalo), bidjè Gouvènè Hochul la ranfòse rezistans Lwès New York ak alimante elan li an plis. Mwen bat bravo pou angajman li pou elaji opòtinite ekonomik nan rejyon an ki pral benefisye biznis, rezidan ak vizitè yo".

Prezidan University at Buffalo a, Satish K. Tripathi, te deklatre, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò ak vizyon ekselans li pou SUNY ak UB. Nou tout nan UB apresye anpil envestisman Gouvènè a nan aktivite rechèch UB a—ki gen ladan bilding ak laboratwa nou yo—ak angajman li pou asire ke nou gen pi bon enstalasyon edikatif ak rechèch, ki, ansanm, ap mennen ekselans edikatif ak inovasyon, ak pwosperite ekonomik dirab pou Lwès New York ak Eta New York".

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou bidjè dinamik ak posib sa pou tout Lwès New York, espesyalman Vil Buffalo. Si ou gade finansman ki dèyè priyorite Gouvènè Hochul yo, gen yon bagay nan chak kategori pou chak minisipalite. Kòm rejyon nou an ap fè fas ak kondisyon ivènal difisil k ap ogmante, resous sa yo pou yon enstalasyon konplè ak dènye kri Depatman Travay Piblik (Department of Public Works, DPW) la pou vil nou an pral esansyèl. Mwen kontan anpil pou m batay pou bidjè sa a ak pale ak kolèg mwen yo nan gouvènman an pou fini pwojè Kanpis DPW sa a epi bay lòt resous enpòtan pou rezidan nou yo".

Sipèvizè Vil Amherst la, Brian Kulpa, te deklare, "Gouvènè a kontinye ap investi nan Lwès New York ak finanse pwojè enfrastrikti lokal yo. Rejyon nou an bezwen lòt finansman nan enfrastrikti epi mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè a ak lidè nou yo nan eta a pou idantifye bezwen sa yo pou modènize enfrastrikti ansyen nou an. Envestisman yo nan University at Buffalo ke yo anonse jodi a enpòtan espesyalman pou kominote nou an epi pral gen yon gwo enpak".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418